



Pwogram Koneksyon Abòdab (PCA) Fèy Reyalite Pou Wind-Down

An 2021, Kongrè a te etabli Pwogram Koneksyon Abòdab (ACP) nan Lwa sou Enfrastrikti Toulede Pati yo, ki te apwopriye \$14.2 milya dola. Komisyon Federal Kominikasyon (FCC) te responsab pou devlope ak aplike ACP ansanm ak aktivite sansibilizasyon ak konsyantizasyon pou ACP.

Apati mwa janvyè 2024, plis pase 22 milyon kay enskri epi k ap resevwa benefis ACP. chak mwa.

Pou plis enfòmasyon jeneral sou ACP, vizite [GetInternet.gov](https://www.getinternet.gov).

Kisa kap pase?

San plis finansman nan men Kongrè a, yo prevwa ke \$14.2 milya dola pou finanse ACP a pral fini nan mwa avril 2024 la (dat sa a se yon estimasyon e li ka chanje). Kòm yon rezilta, FCC te kòmanse pran mezi pou diminye ACP a, ki vle di:

- Yo p ap trete aplikasyon ak enskripsyon ACP apre 7 fevriye 2024 a 11:59 PM ET.
- Kay ki te aplike, ki te apwouve, epi ki ap resevwa rabè sou entènèt la chak mwa anvan 7 fevriye 2024 ap kontinye resevwa benefis ACP yo jiskaske fon ACP a fini, toutotan kay la rete enskri nan pwogram nan.
- Apre fon ACP yo fini (ki prevwa pou avril 2024), Kay k ap patisipe nan ACP yo p ap resevwa rabè ACP yo ankò.

Kisa sa vle di pou fanmi ki pa gen anpil revni ki pa nan ACP yo ?

- Akoz pwogram nan ap diminye, ACP ap bezwen sispann nouvo enskripsyon yo. Apati 7 fevriye 2024, yo pap aksepte okenn nouvo enskripsyon.
- Kay ki elijib ki poko enskri epi ki vle resevwa benefis ACP a ta dwe ranpli yon aplikasyon nan [GetInternet.gov](https://www.getinternet.gov) pi vit posib pou bay tan pou trete aplikasyon w yo a. Yon fwa aplikasyon w lan kalifye, ou dwe enskri ak yon konpayi entènèt anvan 7 fevriye 2024 a 11:59 PM ET pou kòmanse resevwa benefis ou.
- Si ou kalifye pou ACP a men ou pa t enskri nan yon konpayi entènèt anvan 7 fevriye 2024 a 11:59 PM ET, lè sa a ou pa kapab enskri nan ACP a ankò.



Ki jan rediksyon an afekte Kay ki enskri nan ACP yo?

- Fanmi ki enskri nan ACP yo pral kontinye resevwa sèvis rabè entènèt chak mwa jiska fen ACP a.
- Pandan peryòd rediksyon ACP a, Kay ki gen ACP yo pral resevwa avi nan men konpayi entènèt yo konsènan enpak fen benefis la sou bòdwo ak sèvis kay la. Avi yo pral di moun nan kay yo:
 - (1) ke ACP a ap fini,
 - (2) enpak sou bòdwo yo,
 - (3) dat dènye bòdwo yo pral resevwa a ki gen ladan benefis ACP a, epi
 - (4) ke yo ka chanje sèvis yo oswa refize kontinye sèvis la apre fen ACP a
- Kay ki gen ACP yo ka chanje plan entènèt yo tou san penalite..

Kay ki gen ACP yo ta dwe:

- Toujou tcheke imèl yo pou jwenn plis enfòmasyon ak plis mizajou konsènan benefis ACP a. Epi tou Vizite <http://www.AffordableConnectivity.gov> ak www.fcc.gov/ACP.
- Kontakte konpayi entènèt yo pou kesyon sou fason fen ACP a pral afekte bòdwo masyèl yo epi pou poze kesyon sou opsyon ki disponib.
- Vizite www.fcc.gov/ACP pou jwenn repons kesyon yo poze souvan yo (FAQs) ak lòt konsèy sou pwosesis rediksyon ACP a, sa ap enkli sa fanmi yo bezwen konnen pou kenbe sèvis entènèt apre ACP a fini.
- Kontakte USAC dirèkteman pou nenpòt lòt kesyon sou rediksyon ACP a. Kay yo ka rele Sant Sipò ACP a nan 877-384-2575 pou jwenn enfòmasyon sou benefis yo.

Ki dat enpòtan mwen ta dwe okouran konsènan rediksyon ACP a?

- **7 fevriye 2024:** Sa a se dènye jou ACP a pral aksepte nouvo aplikasyon ak enskripsyon yo. Moun ki elijib yo dwe apwouve epi enskri nan yon konpayi entènèt anvan 11:59 PM ET le 7 fevriye pou resevwa benefis ACP yo. Apati 8 fevriye 2024, p ap gen oken enskripsyon anplis nan ACP.
- **Apati fen janvyè 2024:** Kay k ap resevwa yon benefis ACP chak mwa pral kòmanse resevwa avi nan men founisè entènèt yo ki gen enfòmasyon sou fen benefis ACP a. Enfòmasyon sa a ap gen ladan lè pwogram la gen pou li fini ak enpak pèt benefis la sou bòdwo ak sèvis kay la.
- **Avril 2024:** FCC prevwa finansman ACP ki egziste a pral fini an avril 2024 si Kongrè a pa bay plis finansman. Konsomatè ki enskri nan ACP a ap kontinye resevwa benefis yo sou sèvis entènèt yo jiska avril 2024. Dat sa a se yon estimasyon e li ka chanje.